ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛІСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№19 (21.177) ● 2008 гъэм мазаем (февралым) и 1, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Ди газетым зэрытетащи, щІыщылэм и 30-м Бахъсэн кьалэм лажьэу щыпІэщи автобусхэр щыІэныкъэхьну «Волжанин-КЪР» акционер обществэ зэхуэщІам.

Къалэнышхуэхэм хуоплъэ

А IуэУУ дахэм ирашІэкІа гуфІэгъуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент **Кьанокъуэ Арсен,** Волгоград областым и губернатор **Максютэ Николай,** республикэм и Парламентым и Унафэщі **Бечелов Ильяс,** «Волга-Бас» компанием и президент **Бакулин Анатолий,** министрхэр, куей администрацІэхэм я Іэтащхьэхэр, бахьсэндэхэр.

ХьэщІэхэр щыгъупастрэ лъэпкъ пшыналъэхэмкІэ ирагъэблагъа нэужь, пэкІу ирагъэкІуэкІащ.

Бахьсэн кьалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэ **Афэщыж Юрэ** зэІуІэр кьащхьэІуихьм, мы Іуэхур кьыдэхьнымрэ пхыгъэкІынымрэ кьару куэд езыхьэлІахэм фІыщІэ ин яхунащІащ икІи кьыкІигъэщащ кьалэмрэ районымрэ я мызакъэуу, заводыщІэр республикэм и дежкІэ тыгъэ гъуэгуэдзэу, зыужьныгъэм и лъэбакъуэщІэу зэрыщытыр.

Зэхуэхьэр гуапэу Іущащ кьалэ Советым и сессием и унафэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсенрэ Волгоград областым и губернатор Максютэ Николайрэ «Бахьсэн кьалэ округым щІыхь зиІэ и цІыху» щІэ лъапІэр зэрыфІащам тепуэуа хьыбарым.

«Нобэрей Іуэхугъуэр ящыщщ иужьрей илъэсхэм ди республикэм щекІуэкІ зэхъуэкІныгъэфІхэм. Псоми ди нэгу щІэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур Іэтауэ зэрыдгъэлъэпІар. Жылагъуэхэр зэІуэпщІ щІыным, гъэдэхэным теухуауэ зэфІэгъэкІа хьуаэхэр мащІэкъым. Дэ ди мурадщ мыпхуэдэ щІыкІэкІэ иджыри куэдрэ дыгъэхьэну, щІыхуэхэм я сэбэн зыхэлъхэм хэкъуэгъэ дыгъэгъэхьэну.

Урысей Ипщэ щІыналъэм и экономикэр иджыпсту хьарэзынуэ зэтоувэж. Ар куэдкІэ и фІыщІэ федерал программэ щхьэхуэхэр кьиэзращам. Абыхъэм увыпІэ хэха щаубыдэ промышленностым зегъэужьным. Волгоград областымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ІэнатІэм щІэгъэхуэбжьауэ щыхьэдолажьэ. Зэгъуэгъэ догъэзащІэ проект езыжьахэм ящыщ «Волжанин-КЪР» ЗАО-м и хуэныгъэр. Абы теухуа зэгурыІуэныгъэр 2007 гъэм и пэм зэтущІылІауэ щытащ.

(КІуэухыр 2-нэ нап.).

● Къэпщытэныгъэ

Ахъшэджэгу бизнесым ебэныным пащэ

Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу КЪБР-м щыІэм зэпымыуэ кьепщытэ «Узытхьэкъуу джэгуакІэхэр кьиэзгъэпэщыным рэ егъэкІуэкІынымкІэ лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щахуэмыдэным и Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законыр гъэзэщІа зэрыхъур. Налшык кьалэм и УВД-м и Іэнатіэкэр хэту ирагъэкІуэкІа Іуэхугъуэхэм къыхэкІыу 2007 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 1-м нэсыху лажьэу щыІа ахъшэ джэгупІэхэу 48-рэ зэхэущІыжащ.

Къэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым, абыхъэм цІыхухэм хъыбар къиэзырагъэщІэхэри хэту, законым емызэгъыу икІи щэхуу лажьэ ахъшэ джэгупІэхэу 6 къищІагъэщащ. Кьапщтэмэ, сэтей кьащІащ икІи зэрыджэгу автомати 107-рэ къытрахащ. Лермонтовым и уэрамым тет 13-нэ, 16-нэ унэхэм, Калюжнэм и цІэр зезыхьэ уэрамым тет 11-нэ, 22-нэ унэхэм, Гагариным и цІэр зезыхьэ уэрамым тет 167-нэ, 10-нэ унэхэм, Къэбэрдей уэрамым тет 147-нэ, 15-нэ унэхэм, Къэбэрдей уэрамым тет 157-нэ, 19-нэ унэхэм, Горькым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет 35-нэ, 25-нэ унэхэм щІэтхэу. А псомкІи зыхуэфащэу унафэхэр кьащтащ.

КЪБР-м щыІэ МВД-м и подразделенэхэм сэтей кьащІащ Базоев А.А. Налшык кьалэм Тэрчокъуэм и цІэр зезыхьэ и уэрамым тет «Тадж-Махал» нэгузегъэужьыпІэ центрыр здэщыІэ унэм и подвалым зэрыджэгу автомат 17 щитэуэвауэ. А Іуэхум и лъэныкъуэкІэ материалхэр зыхуэфащэ органхэм хуагъэхьащ, Базоев А.А. административнэ жэуапым ирашэлІэн щхьэкІэ.

Ахъшэджэгу бизнесым и объектхэу щэхуу лажьэхэр сэтей къэщІыным икІи апхуэдэхэр зэхэущІыжьыным хуэгъэза Іуэхугъуэхэм дяпэкІи пащэнущ. А лэжьыгъэм сэбэпынагъ къихьыныр мымащІэу елъытащ абы республикэм щыпсэуэхэри и хьэщІэхэри хэтыным. Абы къыхэкІыуи ахъшэ джэгупІэхэм законым емызэгъыу лэжьыгъэ зэрырагъэкІуэкІым щыгъуазэ цІыхухэр къыхудоджэ КЪБР-м щыІэ МВД-м дзыхь зэрырагъэз и телефон 49-50-62-мкІэ, КЪБР-м и Президентым деж коррупцэм ебэныныжькІэ хьыбар зэрырагъащІэу щагъэува 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкІэ хьыбар къыратэгъэщІэну.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапэ.

Италием къыщагъэсэбэп теплицэхэм хуэдэхэр - Бахъсэн районым

2008 гъэм и кІэм Къэбэрдей-Балъкъэрым хадэхэкІхэр щагъэкІыу щыщІадзэнущ Idromccfnia LUCCHINI италъянскэ фирмэм и технологиекІэ ягъэхьэзыра теплицэхэм. Ар щыжаІащ КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен иджыблагъэ а фирмэм и лыкІуэхэу Массимэ Луккини, Паоллэ Баттистел сымэ щахуэсам.

ФИРМЭМ и управляющэ директор Массимэ Луккини ди республикэм иджы и щыпэкъакІуэкъым. Гектар 30 зыбыдыну теплицэхэр ухуэным теухуауэ Бахъсэн муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ Къаздэхьу Альберт ипэ щІыкІэ епсэлъа нэужькІэ, фирмэм и лэжьакІуэхэр КЪБР-м мызэ-мыгІэу къэкІуащ, а районым и щІыгулым и щытыкІэхэр ящыжьи щыхьэкІэ. Езы Къаздэхьу Альберти парникхэмрэ теплицэхэмрэ я оборудованэр къыщІэзыгъэкІ заводым щыІащ, фирмэм и теплицэ хозяйствэхэм я лэжьыгъэм щыгъуазэ зэщІащ. Мы зэманым конструкцэ хэхахэр кьашэным икІи зэпкъралъхьэным теухуауэ фирмэмрэ районымрэ зэращІэла контрактым Іэ традзащ. Районым щаубзыхуащ теплицэхэр щащхуэну щыпІэр икІи мыгувэу ар зэІуэпэщ щыным щІадзэнущ. «Гектари 10 зыубыдыну ипэ теплицэхэр Италием кьикІа ІэщагъэлІэхэм хьэзыр ящыну я мурадщ 2008 гъэм лъэныкъуэкІ. Цыхухэм я бжыгъэр дунейм нэхьыбэ щохьу, энергием и уасэм хохьу, апхуэдэу щыщытКІэ - урысыкъупхъэхэм я уасэми. Европэм гу щылыптэ хьуащ гъавэ щІапІэхэр кьаззремэщІэкІым, абы щыгъэми Урысейм апхуэдэ щыхэр и куэдщ. А ефІэкІыныгъэр зэпэщ ящыныщ адрей сектар 20-ри. ЗэращІылІа зэгурыІуэныгъэм кьыщыгъэлъэгъуащ Іэщагъэлі-технологхэр гъэхьэзырынри (цІыхуибгъу иджыпсту щоджэ Италием и кьалэ Мантовэ), теплицэ хозяйствэхэр ухуэныкІэ заводым и кьудамэ республикэм щыхуэхэри. Контрактыр сом 1 мелард и уасэщ, инвесторхэу кьоув «Агроком» Бахъсэн фирмэр, Урысейм и ХьэмапІэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэр. А заводыр ухуэным текІуадэр лэжьэн кьытІасэу икІи сыт хуэдизкІи нэхъыфІу дгъэзэщІэн щхьэкІэ», - жиІащ абы.

Кьанокъуэ Арсен проектым арэзы техьэащ икІи къигъэуващ зэдэлэжьэныгъэм зрагъэубгъуну - теплицэ модулхэр республикэм и нэгъуэщІ районитІ-щыми щыхуэным щІадзэну.

Абы кьыхигъэщащ ерыскъыпхъэхэр кьэлэжьыным пыщІа проектхэр гъэзэщІэным кІуэ пэтми дуней псом зэрызыщыубгъур. Цыхухэм я бжыгъэр дунейм нэхьыбэ щохьу, энергием и уасэм хохьу, апхуэдэу щыщытКІэ - ерыскъыпхъэхэм я уасэми. Европэм гу щылыптэ хьуащ гъавэ щІапІэхэр кьаззремэщІэкІым, абы щыгъэми Урысейм апхуэдэ щыхэр и куэдщ. А ефІэкІыныгъэр кьэгъэсэбэпын хуейщ, кьэралым и экономикэр адрейхэм яльэщІэгъэхьэжьын щхьэкІэ.

Президентым Италием кьикІа Іэщагъэлілхэм апхуэдэу зэрыщытыр республикэм и климатыр, и щыгулыр зыхуэдэм тещІыхьауэ абы и зыужьныгъэм и мастер-план зэхэльхьэным ехьэлІа Іуэхум егупсысыну.

Агрономием ехьэлІа ІуэхугъуэхэмкІэ фирмэм и Іэщагъэлі нэхьыщхьэ Паоллэ Баттистел къыгъэльэгъуащ мэкъумэш къэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зехьэным нэхъ зезыта икІи международн проект зыбжанэ абы и лъэныкъуэкІэ зыгъэзэщІа консалтинг компаниехэр я дзеиуэ зэрыщытыр. Абыхъэм уепсалъэ хьунущ апхуэдэ агро-план зэхэльхьэн и лъэныкъуэкІ. Апхуэдэуи абы жиІащ республикэм и щІыуэпс-климат щытыкІэхэр гурыхь зэрыщыхъуар. «ЩІыІэу кьыщІэкІынкъым фи дежщыбгъэкІ мыхьун мэкъумэш кьэкІыгъэ. Дэ дигу ирихьащи фи щІыпІэр икІи псори длэжьынщ кьалэн зыщытщІыжьахэр пІалъэм кьытІасэу икІи сыт хуэдизкІи нэхъыфІу дгъэзэщІэн щхьэкІэ», - жиІащ абы.

Италием кьикІа хьэщІэхэм Президентым щЫэУкІэ зыкьыкъуагъэзащІ Италиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ занщІэу зэпызыщІэ хьэуа гъуэгу кьызэІуахыну.

«Экономикэм ехьэлІа Іуэхугъуэхэр нэхъ зыубгъуауэ республикэм щекІуэкІ хъуащ, дэ нужь дохьэ бгы-лыжэ курортым зегъэужьныным. Си гугъэщ зэман гуэр дэкІмэ, а Іуэхуми нужь дихьэну», - къиГъэгугъащ ахэр Кьанокъуэ Арсен.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ,
КЪБР-м и Президентым и пресс-секретарь.

Хьэблэщ Іэм уэздыгъэхэр щыпонэ

Аруан куейм хьыхь Стаорэ Щэрдэж (Дохъущы-къуей) къуажэм къыщыунэхуа хьэблэщ Іэм электрокъэару зрикІуэ кІапсэу метр 850-рэ щаукъуэдищ.

КЪУАЖЭ администрацэм мы Іуэхуми къэпсыкъуэгъу кьыхуэхъуащ «Къэббалькъэнерго» ОАО-м и унафэщІ Гъубжокъуэ Юрэ. 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и унафэкІэ хьэблэщІэм дэс унагъуэхэм газыр хущІрагъэшэнщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.
Аруан куей.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Истамбыл унэр къыщыІэзэтощахэ

Нэхъапэм мыбы апхуэдэ Іуэху гуапэ къыщыхьхуащ.

Иджы Іыркум къратыкІ хьыбархэм къызэрагъэлъагъэмкІэ, Истамбыл и унэхэм ящыщ зым къыщагъэсэбэп газ Іэмэпсымэр къыщыуащ. Насыпыншагъэм хэкІуэдащ цІыху 11, цІыху 34-рэ УІэгъэ хьуащ.

Къытитху зэтет унэм и нэхъыбэр зэуэ къызэтещэхащ. Къегъэлажьэхэм я унэм щыпсэуа цІыхухэм я нэхъыбапІэр къраГъэлыи яхуэзфІэкІащ.

Апхуэдэ уэс куу яльэгъуакъым

Апхуэдэу процентэ 9-кІэ яІэтынущ дзэ къудыкъуэщІэхэм ираТыр. Фигу къащІэкІыжьнщи, зэкІэ зэрамурадымкІэ, щыщхьэІум и 1-м щыщІэдзауэ пенсэхэм я страховой Іыхьэми процент 12 хущІагъэнущ.

Урысейм и Правительствэм и Унафэщі Зубков Виктор жиІащ зэфІагъэкІын хуей нэгъуэщІ Іуэху гугъу куэд къэралым къызэрыпэщытыр.

Насыпыншагъэ

Нижнекамск насыпыншагъэ ин къыщыхьхуащ.

ПсэупІэ унэм и епщанэ кьатым кьехуэхащ зэтІолъхуэныкъэу щІалэ цІыкІуитІ. Я ныбжьыр зэрыхъур илъэс 12-т. Зыр нукІащ, адрейр хьэпэу сымаджэщым щІэлыщ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, щІалэ щІыкІуэм сэцхэм уиэм зыкъыредзыхьащ. Ар къыхьэкІам и щхьэусыгъуэхэр зэкІэ гурыІуэгъуэкъым: унагъуэр зэпэщт, зыхуей ягъуэтырт. Іуэхур зэхагъэкІ.

Хьэндырабгъуэхэр къыумыщын

УФ-м Нэгъуэщ Іи къэралІуэхуэхэмкІэ и министерствэр яужь ихьащ Мадагаскарым щагъэтІыса урысей унагъуэм дэІэныкъуным пыщІа Іуэхуэхэм.

Ефременкэ зэщхьэгъусэхэм - Владимиррэ Кристинэрэ - къащыпырт мыбы къыщыкІ къэкІыгъэхэм ящыщу нэхъ яфІэтельыдджэхэм я тхьэмпэхэмрэ хьэндырабгъуэхэмрэ. Ахэр экологие полищм иубыдащ. КъызэрыщІэкІамкІэ, мы къэралым апхуэдэ «гъэтІылъыгъэхэр» щыпщІ хъунукьым. Ефременкэхэ зэкІэ щысыну зэрыхуагъэлъэгъуар мазищ къудейщ, арщхьэкІэжьаз зимыІэ ди хэкуэгъуэхэм я дежкІэ ари хьэлъэщ.

Гъэпщ ІакІуэхэр

Москва гъэпщ ІакІуэ лІэужьыгъуэщІэхэр къыщыуиІэхуащ.

«Мосгазым» и лэжьакІуэу жаІуэрэ щІыхухэм кьалэрэ зыгъэзыфІэщхэм ахьшэ кьыІэщІагъэкІ. Псалъэм и кьэтыркІэ, зы фызыжь гуэрым (мыльку зэрИэр зэращІэм щэч хэлъэтжьым) сом мелуанрэ мин щитхум щІигъу, дышцхэкІэхэр, изгъэущ хьэщІыпІ лъапІэхэр кьытрахащ, ayбэрэжьри.

Апхуэдэ щІэпхьаджагъэхэр изгъэущ щыпІэхэми щалэжьащ.

(ИТАР-ТАСС).

Гъэпщ ІакІуэхэр

Къыдыгъэ ІакІуэ сыхьэти 7-рэ дакьикъ 26-м, кІуэхьэжьнущ сыхьэт 17-рэ дакьикъ 16-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъ 50-рэ.

Плэмпэр лъэхъуэхэмрэ **ШАЛ Мухъэмэдщ.**

◆ 1829 гъэм Нэгуэм Шорэ Налшык къыщыдэІуихащ сабий акъылыфІэхэм я ягъэ еджапІэ.

◆ 1929 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал уэрэдзыІакІуэ гупыр къыздрагъэпэщащ.

◆1931 гъэм къызэІуахащ «Союзкино» фабрикэ нэхьыщхьэр («Мосфильм»).

◆1929 гъэм кьалъхуащ КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист Къардэн Льостэнбий. 2002 гъэм дунейм ехьжащ.

◆1932 гъэм кьалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКУ-м и профессор Льэпщокъуэ МутІлиб.

◆1935 гъэм кьалъхуащ шапсыгъ зэщІакІуэ, ахерол ТІэш Мадин. 1987 гъэм дунейм ехьжащ.

◆1936 гъэм кьалъхуащ Адыгей Республикэм и цІыхубэ тхакІуэ Кэушбей Пщымахуэ.

◆Дыгъэ ІакІуэхэм сыхьэти 7-рэ дакьикъ 26-м, кІуэхьэжьнущ сыхьэт 17-рэ дакьикъ 16-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъ 50-рэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи Іэщ Іагъэ гугъэзагъэщ.

Ди инвестицэ проектхэр утыкушхуэм щагъэлъагъуэ

Урысей бизнесым теухуауэ прагъэкІуэкІ тхьэмахуэ зэхуэаку (джыдгъэм хнубыдзу промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ щыпшылэм и 31-м Краснодар кьалэм щрагъэкІуэкІа «Инвестицэ политикэмрэ щІынальэхэм зегъэужьыныгъэ» урысейпсо зэхьэхьэщхьэм хэтащ Президент Кьанокъуэ Арсен я пашэу Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа гупыр.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ абы щІигъэльэгъуащ турист-рекреацэ Іэнатіэм ехьэлІа инвестицэ проект зыбжанэ, Налшык кьалэм и «КІуэкІыпІэ» псэупІэ комплексым, Солдатскэ - Тырныауз гъущІ гъуэгум я проектхэр.

Мы зэхуэсышхуэм хэтащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и ягъэ кьуэдзэ Медведев Дмитрий. Апхуэдэу абы ирихьэлІащ федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, Урысей Федерацэм и субъектхэм, Урысейм и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я союзым, бизнес Іэнатіэ нэхъ ин дыдэхэм я унафэщІхэр.

А Іуэхур зэрекІуэкІам теуха тхьапъэ уБгъуа ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэм тетынущ.

● Гуфіэгъуэ зэхьхьэхэр

КЪБР-м и делегацэр хэтынущ

Сталинград зэхэуэшхуэр зэрекІуэкІрэ илъэс 65-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ екІуэкІыну махуэшхуэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и делегацэр республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен и пашэу хэтынущ Сталинград деж щекІуэкІа зэхэуэшхуэм советыдзэхэм нэмыцэ-фашистыдзэхэр зэрыщыІэхахьутэрэ илъэс 65-рэ зэрырикъуар гъэльэпІэным пыщІа Іуэхугъуэхэм, мазаем и 2-м Волгоград щрагъэкІуэкІынухэм.

ДЕЛЕГАЦЭМ хэтщ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Бечелов Ильяс,** транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ министр **Сунщ Ануарбий,** Бахьсэн кьалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэ **Афэщыж Юрэ,** Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу - Сталинград зэхэуэшхуэм хэтахэу **Сенин Владимир, Созаев Ако.**

ГуфІэгъуэ Іуэхугъуэхэр щекІуэкІкІэ, хьэщІэхэр Волгоград областым и губернатор Максютэ Николай иригъэблэгъэнущ, апхуэдэуи ахэр Мамаев Іуащхьэм кІуэнущ. Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ ІакІэ Зэщ Іэуэзэда Кьарухэм, хабзэхъуэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэрым республикэ жылагъуэ организацэм кьызэриТамкІэ, мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу Сталинград зэхэуэшхуэм хэтауэ цІыху 80.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапэ.

Налшык кьалэ и Къэралконцерт гъэльэгъуапІэм зэІуІэ гуапэ щекІуэкІащ. Абы щагъэльэпІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьныгъэм пэемыблэжу хуэлажь, кьаралым и зэІуэзэпэщ псоуэкІэм хэльхьэныгъэ хуэзыщІ щІыхь щэджащэхэр. Пщыхьыр кьызэрыгъэпэщащ Дунейпсо Артийскэ комитетым Кавказ Ищхьэрэм щиІэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Бейтыгъуэм Іуэсс.

ЗЫПЭРЫТ ІэнатІэм щаІэ екъуЛІэныгъэхэм папщІэ щІыху зыбжанэм хуагъэфэщащ Дунейпсо Артийскэ комитетым и дыщэ медалымрэ щІыхь тхылъымрэ. Дамыгъэ лъапІэр щаритым, Бейтыгъуэным кьыхигъэщащ, а пщыхьэщхьэм зи щІэ кьраІуэну дэтхэнэ зыри жылагъуэ гъащІэм жыджэру хэт, зи Іуэхущ Іафэ дахэхэмкІэ щІэблэм щапхъэ яхуэхьу щІыхуу зэрыщытыр. Апхуэдэхэт прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ щІэныгъэ-кьэхутакІуэ институтым и унафэщІ **Нэхущ Бэдим,** КЪБР-м къэралкІуэщІ ІуэхуэхэмкІэ и министру щыІэм и къуэдзэ **Жамборэ Наурбий,** тхакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Гуртуев Сэлихь,** Хьэмдэхъум и цІэр зезыхьэ агропромышленнэ лицейм и директор **Сэхъуроковэ Анатолэ** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджьІакІуэ щІэрыІуэхэм, къэфакІуэ ансамблхэм.

БЕЙ Ириню.

Пашэхэр ягъэлъапІэ

● Пшыхьхэр

Мазаем и 1-м щыщІэдзауэ

УФ-м и Правительствэм и зэІуІэм щыжаІащ бюджетым ирисэу щІыхуэхэм я улахуэхэм мазаем и 1-м щыщІэдзауэ процент 14-кІэ зрыхагъэхьэнущ.

Апхуэдэу процентэ 9-кІэ яІэтынущ дзэ къудыкъуэщІэхэм ираТыр. Фигу къащІэкІыжьнщи, зэкІэ зэрамурадымкІэ, щыщхьэІум и 1-м щыщІэдзауэ пенсэхэм я страховой Іыхьэми процент 12 хущІагъэнущ.

Урысейм и Правительствэм и Унафэщі Зубков Виктор жиІащ зэфІагъэкІын хуей нэгъуэщІ Іуэху гугъу куэд къэралым къызэрыпэщытыр.

Хьэблэщ Іэм уэздыгъэхэр щыпонэ

Аруан куейм хьыхь Стаорэ Щэрдэж (Дохъущы-къуей) къуажэм къыщыунэхуа хьэблэщ Іэм электрокъэару зрикІуэ кІапсэу метр 850-рэ щаукъуэдищ.

КЪУАЖЭ администрацэм мы Іуэхуми къэпсыкъуэгъу кьыхуэхъуащ «Къэббалькъэнерго» ОАО-м и унафэщІ Гъубжокъуэ Юрэ. 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и унафэкІэ хьэблэщІэм дэс унагъуэхэм газыр хущІрагъэшэнщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.
Аруан куей.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Гъэпщ ІакІуэхэр

Москва гъэпщ ІакІуэ лІэужьыгъуэщІэхэр къыщыуиІэхуащ.

«Мосгазым» и лэжьакІуэу жаІуэрэ щІыхухэм кьалэрэ зыгъэзыфІэщхэм ахьшэ кьыІэщІагъэкІ. Псалъэм и кьэтыркІэ, зы фызыжь гуэрым (мыльку зэрИэр зэращІэм щэч хэлъэтжьым) сом мелуанрэ мин щитхум щІигъу, дышцхэкІэхэр, изгъэущ хьэщІыпІ лъапІэхэр кьытрахащ, ayбэрэжьри.

Апхуэдэ щІэпхьаджагъэхэр изгъэущ щыпІэхэми щалэжьащ.

(ИТАР-ТАСС).



◆ 1829 гъэм Нэгуэм Шорэ Налшык къыщыдэІуихащ сабий акъылыфІэхэм я ягъэ еджапІэ.

◆ 1929 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал уэрэдзыІакІуэ гупыр къыздрагъэпэщащ.

◆1931 гъэм къызэІуахащ «Союзкино» фабрикэ нэхьыщхьэр («Мосфильм»).

◆1929 гъэм кьалъхуащ КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист Къардэн Льостэнбий. 2002 гъэм дунейм ехьжащ.

◆1932 гъэм кьалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКУ-м и профессор Льэпщокъуэ МутІлиб.

◆1935 гъэм кьалъхуащ шапсыгъ зэщІакІуэ, ахерол ТІэш Мадин. 1987 гъэм дунейм ехьжащ.

◆1936 гъэм кьалъхуащ Адыгей Республикэм и цІыхубэ тхакІуэ Кэушбей Пщымахуэ.

◆Дыгъэ ІакІуэхэм сыхьэти 7-рэ дакьикъ 26-м, кІуэхьэжьнущ сыхьэт 17-рэ дакьикъ 16-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъ 50-рэ.

Плэмпэр лъэхъуэхэмрэ **ШАЛ Мухъэмэдщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи Іэщ Іагъэ гугъэзагъэщ.

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

Лимит зымыIэ интернет

«Хэт дежкIи гурыIуэгъэщ Интернетым уэрыхучейр. Ар дэ ди едэжным щыщылоГъэсэбэп, опыткIэ дризохъуажэ, хъыбарыщIэхэм щыгъуазэ зридощI, дризэроIыхуу, дуней псом абыкIэ зыщылодощI». Интернетыр щымыгъуу иджырей гъащIэр уи нэгу кыщIэбгъэхьэфынукъым. Сэ си упщIэм ильэс зыбжанэ хъуауэ егъэшIентей КъБР-м щыщхэу Интернетыр къэзыгъэсэбэн минхэр: сыт щыгъуэ пIэрэ ди республикэм лимитыншэу интернет къыщызIуахынкъэ?»

Шомэн Къ. С., Тэрч къалэ

Жэуап прет КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Чеченов Ануар:**

- «Ипщэ телекоммуникацэ системэхэр» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къызэритамкIэ, 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м лъандэрэ Интернетыр къэзыгъэсэбэпхэм папщIэ лимитыншэ тариф планэ 2 ягъэувад: DIZEL-Unlim 64 (сетым зыпыщIэныр сом 1000 и уасэу, мазэ абонентыпщIэр сом 1500-м нэсу). DIZEL-Unlim 128 (сетым зыпыщIэныр сом 1000 и уасэу, мазэ абонентыпщIэр сом 2700-м нэсу). Интернетым зыпыщIэн, связым и Iуэхутхэбзэхэм я пщIэр тын и льэныкъуэкIэ «Ипщэ телекоммуникацэ системэм» льготэхэр иIэуэлъхьаным.

Унащхьэр гъатхэм зэрагъэпэщыгъэщ

«Ди унащхьэм псыр къызэпхоф. Фэтэрхэм я пхъыбзм ар зэрыльэдну кумбыгъэхэр къыщегъэувэкIащ. Псыр блынхэмк кьюжэу. Абы къыхэкIыу пэнхэр щIоуцIыкIэ, мэлуатэ, блынхэр къыкIэрохуу. 2000 гъэм ятIонэрэр къыщытщIэуам щыгъуэ, ди подвалым пщащхъуэмрэ ятIэмрэ из хъури, бжьамийхэр зэтекъутащ.

Къалэ администрацэм дыщытхъэусыуа щхьэкIэ, зыкIи къддэIэпыкIуакъым. «Ахъшэ диIэкъым, фи мылькукIэ зэвгъэщIыжь», - кьыджащ. Уэрэ ягъэлыдэн зэрыщIадгъу бжьамий улыпхэм псыр кьижу хуежащ. Сыт хуэдизрэ дымыльIуаам, ар зыщ зэрищэпхыкIыжрэ, Iырыпауэ къалэм и Бахъсэн эрамым тет унэ №6-м щыпсэухэр. Ар зыщ зэрищэпхыкIыжрэ тет унэ №6-м щыпсэухэр.

Жэуап прет Iуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Соттаев Къурмэн:**

- Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и администрацэр хэпытащ Тырныауэ къалэм и Бахъсэн эрамым тет унэ №6-м щыпсэухэм я тхьэусыхэфэм. 2007 гъэм и щэкIэгъэгу мазэм мы унэм и подвалым щыпсэухэр зэрыщыгъэбгрыща бжьамийхэр зэрахъуэкIри, фтэрхэр хуабжьэ къызэрагъэпэщыжащ. Унащхьэр зэхъуэкIыным пыщIа лэжьыгъэхэр 2008 гъэм и реестрым хатхащ. А Iуэхум щIадзэнкIуэ хуабэ хIыжрэ, щхьэм щылажьэ хIэн хуэгъу дунейр зэтеувэжащ.

Унащхьэм и Iэтащхьэ

● Дыгъуасэ

Улахуэм хэгъэхъуэным, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ

Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и пленум дыгъуасэ зэхэтащ. Абы ильэс блэкIам зэфIагъэкIахэм щыхэпльэжащ. 2008 гъэм кьапэщыт кьалэн нэхъыщхьэхэм щытепсэльыхьащ.

ПЛЕНУМЫМ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, спортымкlэ, туризмэмкlэ, хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**, КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министрым и къудамэхэу **Ляпин Николай**, **Джэрджэ Арсен** сымэ, щэнхабзэм и Iуэхущапlэхэм я лыкIуэхэр.

Рескомым и унафэщI **Дау Марьянэ** и докладым гулытэ хэха щыхуищащ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я сэбэп зыхъэльхэм, абыхэм я псэукIэр егъэфэкIуэным я зэфIэкI псори зэрыхуауэнтIым. Пленум ильэсым абы и льэныкьуэкIэ профсоюзхэм яхуэзэфIэкIахэм къызэхуэсахэр щыгъуэзэ ящIри, дызыхьихьа ильэсым нэхъ зытрагъэщIэну Iуэхугъуэхэм тепсэльыхьащ.

Дау Марьянэ гулытэ хэха хуищIу кьытеувдыIащ, пленумым кьыщыпсэльахэм яIэ игъэщIапхъэ Iу эхуэгъуэу кьалытащ щэнхабзэм, гъэздэжьм, спорт Iэнатlэм я лэжьакIуэхэм я улахуэр жащIэ дыдэу зэрыщытыр. Кьуэд щIэупщIащ 2007 гъэм фокIадэм бюджет лэжьакIуэхэм я улахуэм процент 15 щIагъуауэ ящхуэIэр зэIубгу щIыщIмытым.

Ляпин Николай къызэхуэсахэр кIэщу щыгъуазэ ищIащ дяпэкIэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм улахуэр зэрагъэпхъэну щыкIэм.

Адэжь рескомым и унафэщI Дау Марьянэ профсоюз лэжьыгъэм жьыдэру зыкъыщыщIэзыгъэльагъуэ щIыхь зыбжанэм УФ-м и Профсоюзхэм я федерацэм и ЩIыхь тхыльхэр яритащ.

* * *

Апхуэдэуи дыгъуасэ зэхэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и IV пленум.

Рескомым и унафэщI **Карныш Сергей** къызэхуэсахэм яхутепсэльыхьащ 2007 гъэм зэфIагъэкIахэм, дызыхьихьа ильэсщIэм кьапэщыт кьалэныщIэхэм, апэ игъэщIапхъэ, гулытэ хэха зыхуэщIапхъэ Iуэхугъуэхэм.

Зэлуэм къыщыпсэльахэр кьытеувдыIащ нэхъ зытеIэпIейтейхэм, ахэр зэфIэкIыным и хэкIыпIэм теухуа я Iуэху епльыкIэхэр кьыжаIащ.

Пленумкэм кьыщаIэта Iуэхуэхэм теухуа унафэхэр кьащтащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Къалэнышхуэхэм хуоплъэ

Апхуэдэ зэдзэлажьэныгъэм и фыгъэкIэ «Волжанин 5270» автобус лIэужьыгъуэр зэпэкърыльхьэным нобэ заводым щыщIадзэ, - жиIащ Къанокъуэ Арсен, хъуэхъу гуапэкIэ зэхуэсахэм защIыхуигъаазэм.

Мы предприятэр кьыщцIэзграгъэпэщащ 90 гъэхэм зэхуащIыжауэ щыта «ЛIAMБ» заводым и хэщапIэм. Ар кьыдэзэIуахэм социальнэ и льэныкьуэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Мы зэкIэ абы цIыхуи 150-рэ щылэжьэнущ. Ахэр Волгоград кьалэм щрагъэджащ. Лэжьыгъэ гресы еш заводым щыдзэпрауухуэжу хуежьэмэ (ар 2008 гъэм икуэм ирихьэлIэу яхуэзэфIэкIыным мэгугъэ), цIыху 500 Iэнатlэкlэ кьаухуэзгъэпэщынущ.

Волгоград областым кьикIа хьэщIэхэм фIыщIэ яхунщIри, Кьанокъуэ Арсен кьигъэльэгъуащ республикэр зыужьыныгъэм и гъэзэгум зэрыгетыр, ухуэнысIущIэхэр егъэкIуэкIыным, Iэнатlэщ Iэхэр кьызэIуахынымрэ дяпэки гулыдтэщхэу зэрыхуащIынур.

«Республикэм и экономикэр кьэIэ тыжьныкъым, мэкъумэщ хозяйствэмрэ промышленностымрэ я щытыкIэр егъэфэкIуэным хуэгъэзауэ дубзыхуахэр гьэзэщIэным зэпымыуу ди нэIэ тедгъэтынуущ», - къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыщъхьэм.

«Рэзэ дэрэ зэгъу сэу кьетхьэжьа Iуэхугъуэшхуэм - «Волга-БАС» компанием и Iэнатlэр лажьэу зэрыщыхэрам фи кьалэм и цIэр жыжьэ щигъэIуну. Ипэ жьыпIэкIэ жьыпIэ хъуну ар республикэм и зыужьныныгъэм дежкIэ хэлъхьэныгъэ ину. Сэ сольагъ у, си нэгуи щIокI фи гъунэгъу республикэхэр кьызэрыщэхъуапсэр. Нобэ Бахъсэн кьалэм кьыщызэIутха заводыщIэм и фIыгъэкIэ Урысейм и Ипщэ щIыналъэр щIэупщIэшхуэ зиIэ автобусхэмкIэ, псом апэу фи деж щызэпкъральхьэну «5270» лIэужьыгъуэмкIэ иригъуу икIи зэпIэзэрыту кьытхуэзгъэпэщынущ, кьэралым и нэгуфIэщI щыпIэжкIи дадэJэпыкуфынущ, - къыхигъэщащ Максютэ Николай и псальэхэм.

Мазаем и 2-м ильэс 65-рэ ирокъу Сталинградым и президент Бакулин Анатолий къызэригъэльэгъуамкIэ, апэ мазэхэм заводыщIэм автобус 20-м нэблагъэ щызэпкъральхьэнущ. Абы и льэщагъым хигъэхъуа нэужь, предприятэм къыщигъэкIыну транспорт лIэужьыгъуэ уиIыр гуэнэгъу республикэхэм я мызакъуэу, Урысейм и щIыпIэ куэдым уаэсфIкIэ щащэхунущ.

«Заводым къыщыпсэдгъэпэщынущ лэжьыгъэмрэ Iэнатlэм и зыужьныныгъэмрэ лъэщу яIэкIэ зыгъэкIуэт зиу конструктор-технологие бюро, Iэщагъэлlэкlэр зэпымыуу щагъэхъэзырыну центр. Абы хуэзгъэзауэ зэпымыныгъэ быдэ зэхуэдэныщ, - жиIащ компанием и унафэщIым.

Бахъсэнэдэхэм я цIэкIэ хъэщIэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ ехъуэхъуащ кьалэм и Нэхъыйкъэм я советым и лIыкIуэ **АфIэунэ Лолэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыщъхьэмрэ Волгоград областым и Iэтащхьэмрэ данэ лентI плыюкыщ зэпаупщIа нэужь, зэхуэсахэм заводыщIэм щыпсэльральхьэ и цезерф кьаплыхьащ, ди деж япэу кьыщыщIагъэкIа автобусыр зыхуэдэмрэ абы и лэжьакIэмрэ зрагъэлъэгъуащ.

Зэлуэм я кIэщIу къыщыщIадзэ Бахъсэн кьалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и кьэфакIуэхэмрэ уэрэджьакIуэхэмрэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Лъэпкъ проект

Зэрэгъыж къощIэрэщIэж

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Шэрэдж куэйр къыщыпсэухкIухьым, Зэрэгъыж дэт къуажэ библиотекэм ремонтыщхъу щегъэкIуэкIын зэрыхуейр кьыхигъэщащэ щытащ. Абы и унафэм щIэту екIуэкIа лэжьыгъэр и кIэм нагъэсащ.

ИльэС куэд лъандэрэ уэсымрэ уэшхымрэ кьызыпхькIыу щыта унащхьэр щIэрыщIэу тральхьэжащ, библиотекэм хуабэ кьыдэзэрекIуалI, жьы хьуа бжьамийхэр зэрахъуэкIащ.

Апхуэдэу Iэрэгъыж и уэрамищым асфальт тральхьащ, ильэс куэд лъандэрэ уэздыгъэншIэу щыта Ленин и уэрамыр къагъэнэхуж, гъуэжьэ мэжджыгтыр щитгъкIэ къращIыкIынущ. Жьы-ди анкиитрацэм и Iэтащхьэ Бозий Алексей щыгъуаз дыдзэрщIамкIэ, Щэнхабзэмкlэ iунэрэ амбулаторэрэ зыхэт ухуэныгъэм и архитектурэ проектыр ягъэхьэзыращ.

ЛЬОСТЭН Музэ.

● Пресс-конференцхэр

Щ1эпхъаджащ1э ерухэр ерыщу къалъыхъуэ

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ Томчак Юрий иджыблагъэ ирихьэкIуэкIа пресс-конференцым хэтащ абы и къуэдзэхэр, республикэ милицэм и Iнатlэ нэхъыщхьэхэм я унафэщIхэр.

БЛЭКIа ильэсым я лэжьыгъэм кьрикIуахэм кIэщIу кьытеувдыIри, республикэ милицэм и унафэщым гупытэ хэхуа хуищащ кьыпэщыт кьалэн нэхъыщхьэхэм.

Пресс-конференцым кьыззрыщыхагъэщащи, УБОП-м и унафэщI КIарэ Анатолийрэ щыIэ, мэзыуэ гулыныр зыукIаIэр зы щIэпхьаджащIэ гуэру зэрыщытым щыхьэт техьуэ Iуэху зыбжанэ кьыкIуэкIащ. Ахэр апхуэдэу хэтащ республикэм и щIыналъэм щалэжьа нэгъуэщI бзаджэнаджагъэхэми.

- А щIэпхьаджагъэхэр зэхагъэкIын папщIэ прокуратурэм следственнэкIэ и комитетым, МВД-м, ФСБ-м я лэжьакIуэ пщIы бжьыгъэхэр зыхагъэха гуп кьызэрагъэпэщащ, - жиIащ министрым. - Дэ ди лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, ар зыхуэгъэзэрэ а щIэпхьаджагъэхэр зи Iэдакъэщ IэкIэр кьэгъуэтынырщ, Абыхэм я нэхъыбэр дуней псом, Урысейм кьыщалъыхьуэ.

Министрым я апэ кьуэдзэ **Жамборэ Наурбий** кьыхигъэбелджьыIакIащ мы щIэпхьаджагъэхэр Астемыр щэ Султановымрэ я бандэхэм зэрагъэкIар, МВД-м кьыдэзыхьа хьыбарэхэм ятепщIыхьмэ, абыхэм КъБР-м и щIыналъэм зыщагъэпщкIу. «Дэ псалъэ ттащ а гупыр кьздгъэтыныну, ди кьаруи зэмани дебгъэжьакъым», - кьыхигъэщащ Жамборэм.

2007 гъэм ирагъэкIуэкIа оперативнэ лэжьыгъэм теухуауэ кьэпсэлъахэм жаIащ республикэм щIэпхьаджагъэу щалэжьыр нэхъыбэ зэрыхъуар, ауэ фIы и пэныкIуэкIэ кьыхэбгъэщ хъуни зэрыщIыр. Апхуэдэу щIыхьэхэм лей ирахьиным, щIыхьэхэм ятеуэным, аэрэ хъунщIэным екъэлIа щIэпхьаджагъэхэм я бжьыгъэм кьырыхуащ. Сэтей кьащIа щIэпхьаджагъэхэм я бжьыгъэр проценти 9,4-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Ауэ Iэщ1экIэ зэщIэуэгъа щIэпхьаджащIэ гуэрхэм ящыщу 42-м я хэщIапIэхэр иджыри кьызэдэсым кьахуэгъуэтакьым. Хабзэхъуэмэхэм я кьалэн инщ а бандэ гупхэм я Iэтащхьэхэмрэ абыхэм ящыдэкIэ зэхуэсым я кьалэн нэхъ а бандэ гупхэм я Iэтащхьэхэмрэ абыхэм ящыдэкIэ зэхуэсмрэ зэуапым ирагъэIэпыкI.

Апхуэдэу зэIуцIэм кьыщцIэзтащ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ кьалэ, район къудамэхэм я щIыналъэ зыхуащI телефонхэр зэрыщылажьэм кьрикIуахэр, БлэкIа ильэсым я телефонхэмкlэ псэнтащ цIыхуи 135-рэ. Абыхэм кьыбгъэдэкIа хьыбарэхэр теухуаг кьэхьэтщIэр, зэрыщджэгу автоматкэр щэхуу щагъэлажьэ щыпIэхэр зэрыщыIэм. А псори щIэгъэкъуэн хъуащ апхуэдэ щIэпхьаджагъэхэр кьыхэзэпхыдыныкIэ. Ауэ хабзэхъуэмэхэм зы хъыбари кьаIэрыкьажьым бандэ гупхэм яхэтхэм ятеухуауэ.

ЗэIуцIэм щытепсэльыхьащ гъэзэгъуэм шыпагъэуэнщIэу щызэкIуэныным пыщIа IуэхуэхэмкI. Гъэзэгу пльыр Iуэхущапlэм мы Iуэхум хухэжа гупыщхуитI кьызэригъэпэщыну и мурадщ. Абыхэм яызыхэр федерал гъэзэгум, адрейр Налщык кьалэ и щIыналъэм якIэлъыплIпльыщ. Ягу кьагъэкIыжащ ДПС-мрэ ГИБД Д-мрэ я инспекторхэм я Iэщ1агъэм зэрыхащIыкIыр зыхуэдизыр иджыблагъэ кьыззрапщытар. Абыхэм ящхьэкIащ гъэзэгум зэрыщызэкIуэ хабзэхэр зымыщIэхэр. Апхуэдэ лэжьакIуэхэр нэгъуэщI Iэнатlэ ягъэкIуэнущ е Iуагъэкlынущ.

Министерствэм и унафэщIхэм журналистхэм ягу кьагъэкIыжащ кьалъыхьуэ щыхуэхэр кьэгъуэтыныжмкIэ щIэгъэкъуэн хуэ хьыбар яIэрыщIэгъэхьэхэм сом мелуан зыбжанэ хъу саугъэтхэр зэрыратынур. Хьыбар кьызыбгъэдэкIхэм я щIэхэр зэн хэIущIыIу ящIынкъым.

Пресс-конференцым апхуэдэу щытепсэтыхьащ къэралкIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэр коррупцэм зэребэным, кадр Iуэхухэм, Iэнатlэм и лэжьакIуэхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ кьызэрызэгъэпэщам, нэгъуэщIхэми.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Ди сурэт гъэпIыгъэхэр

Апэ уIэгъэ.
(Урыс-Кавказ заузм и зы теплъэгъуэ).
Сурэтыр ЗИЧИ Михай
(1827-1906 гъэхэм)
и къэбар къыщыдэкIащ 1852-м.

2008 гъэм «Спартак-Налшыкыр» зыIущIэнухэмрэ щыджэгуну щIыпIэхэмрэ

● Футбол

Щыщыгъуэ и 24-м Мэкъуэ щыIэхэ-таш Урысейм и Футбол зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ хуэныкъуэм и бюром и зэIущI. Абы щащубыхуащ премьер-лигэм и командхэр щы гъэм зэрыджэгуну махуэзэпсыр. Нобэ щыгъуаз фыдощI ди «Спартак-Налшыкыр» щыджэгуну:

Апэ къекIуэкIыгъуэ

Апэ джэгуегъуэ
Гъатхэм (мартым) и 15-м
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Сатурн» (Мэскуу область)
ЕтIуанэ джэгуегъуэ
Гъатхэм и 23-м
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Амкар» (Перм)
Ещанэ джэгуегъуэ
Гъатхэм и 29-м
(щэбэт)
«Тэрч» (Грозн) - «Спартак-Налшык»
ЕплIанэ джэгуегъуэ
Мэлыжьыхьым (апрелым) и 6-м
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Динамо» (Мэскуу)
ЕтхуанэI джэгуегъуэ
Мэлыжьыхьым и 12-м
(щэбэт)
ЦСКА (Мэскуу) - «Спартак» (Налшык)
Еханэ джэгуегъуэ
Мэлыжьыхьым и 19-м
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» - «Спартак» (Мэскуу)
ЕбланэI джэгуегъуэ
Мэлыжьыхьым и 27-м
(тхьэмахуэ)
«Локомотив» (Мэскуу) - «Спартак-Налшык»
Еянэ джэгуегъуэ
Накъыгъэм (майм) и 2-м
(мэрем)
«Спартак-Налшык» - «Москва» (Мэскуу)
ЕбгъуанэI джэгуегъуэ
Накъыгъэм и 7-м
(бэрэжьей)
«Луч-Энергия» (Владивосток) - «Спартак-Налшык»
ЕщIанэ джэгуегъуэ
Накъыгъэм и 10-м
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» - «Рубин» (Кьэзан)
ЕщыкIуанэ джэгуегъуэ
Накъыгъэм и 16-м
(мэрем)
«Зенит» (Санкт-Петербург) - «Спартак-Налшык»
ЕщыкIутIанэ джэгуегъуэ
Бадзэуэгъуэм (июлым) и 5-м
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» - «Шинник» (Ярославль)
ЕщыкIуцIанэ джэгуегъуэ
Бадзэуэгъуэм и 13-м
(тхьэмахуэ)
«Томь» (Томск) - «Спартак-Налшык»
ЕщыкIуплIанэ джэгуегъуэ
Бадзэуэгъуэм и 19-м
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» – «Крылья Советов» (Самарэ)
ЕщыкIутхуанэ джэгуегъуэ
Бадзэуэгъуэм и 25-м
(тхьэмахуэ)
«Химки» (Химки) - «Спартак-Налшык»

Етуанэ къекIуэкIыгъуэ

ЕщыкIуханэ джэгуегъуэ
Щыщхьэгъуэм (августым) и 3-м
(тхьэмахуэ)
«Амкар» - «Спартак-Налшык»

Щыщхьэгъуэм и 6-м
(бэрэжьей)

Урысей Федерацэм и кубок. Финалым и 1/16-нэ Іыхь

ЕщыкIубланэ джэгуегъуэ
Щыщхьэгъуэм и 10-м
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Тэрч»
ЕщыкIуинэ джэгуегъуэ
Щыщхьэгъуэм и 16-м
(щэбэт)
«Динамо» - «Спартак-Налшык»
ЕщыкIубгъуанэ джэгуегъуэ
Щыщхьэгъуэм и 24-м
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - ЦСКА
ЕтIощIанэ джэгуегъуэ
Щыщхьэгъуэм и 31-м
(тхьэмахуэ)
«Спартак» - «Спартак-Налшык»
ТIощIэ езанэ джэгуегъуэ
ФокIадэм (сентябрым) и 14-м
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Локомотив»
ТIощIэ етIуанэ джэгуегъуэ
ФокIадэм и 21-м
(тхьэмахуэ)
«Москва» - «Спартак-Налшык»

ФокIадэм и 24-м
(бэрэжьей)

Урысей Федерацэм и кубок. Финалым и 1/8-нэ Іыхь

ТIощIэ ещанэ джэгуегъуэ
ФокIадэм и 27-м
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» - «Луч-Энергия»
ТIощIэ еплIанэ джэгуегъуэ
Жэпуэгъуэм (октябрым) и 4-м
(щэбэт)
«Рубин» - «Спартак-Налшык»
ТIощIэ етхуанэ джэгуегъуэ
Жэпуэгъуэм и 18-м
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» - «Зенит»
ТIощIэ еханэ джэгуегъуэ
Жэпуэгъуэм и 25-м
(щэбэт)
«Шинник» - «Спартак-Налшык»
ТIощIэ ебланэ джэгуегъуэ
ЩэкIуэгъуэм (ноябрым) и 2-м
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Томь»
ТIощIэ еянэ джэгуегъуэ
ЩэкIуэгъуэм и 8-м
(щэбэт)
«Крылья Советов» - «Спартак-Налшык»
ТIощIэ ебгъуанэ джэгуегъуэ
ЩэкIуэгъуэм и 16-м
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Химки»
ЕщIощIанэ джэгуегъуэ
ЩэкIуэгъуэм и 22-м
(щэбэт)
«Сатурн» - «Спартак-Налшык»

Гу зылыгъапхъэ: мы календарым зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр иджыри халъхьэнкIэ хъунущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

ХэхакIуэ ныбжьыщIэм и махуэр 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIыныжмкIэ программэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2008 гъэм щIыщIыпIэм и 25-м

Налшык къалэ №21/1-7

Урысей Федерацэм и Хэхакlуэ Комиссэ Нэхъыщхьэм 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьищта Унафэ №983 /666-5-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Хэхакlуэ ныбжьыщIэм и махуэр 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIыныжмкIэ программэ къэщтэн.

2. А Iуэхугъуэр егъэкIуэкIыным текIуэдэнур кьыхэзгъэкIын хэхакIуэхэм (референдумым хэтхэм) я правовой щэнхабзэр къэзытыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр Iуэхущапlэм икIи хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ я кьызэгъэпэщакIуэхэр егъэджэным хухах ахъшэм.

3. Мы Унафэр гъэзащIа зэрыхъуэм кIэлъыплIыныр и пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь Атмурзаевэ И.А.

4. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакlуэ комиссэхэм яоуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН А.Н.
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ И.А.

Хэхакlуэхэм я правовой щэнхабзэр къэIэтыным теухуауэ библиотекэхэм ирагъэкIуэкIа республикэ зэпеуэм кьрикIуахэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2008 гъэм щIыщIыпIэм и 25-м

Налшык къалэ №21/1-8

Хэхакlуэхэм я правовой щэнхабзэр къэIэтыным теухуауэ библиотекэхэм я республикэ зэпеуэм къагъэхьа материалхэм хэпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1.Ятын:

-дэтхэнэри **сом минитху хъууэ япэ саугъэтитIыр**, Къэбэрдей- Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и япэ нагъыщIэ дипломкэр ящIыгъуу - Налшык къалэ округым и Центральнэ къалэм дэт библиотекэм;

- **сом миниц хъу етIуанэ саугъэтыр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и етIуанэ нагъыщIэ дипломыр щIыгъуу - Шэджэм муниципальнэ районым щыщ Шэджэм къалэм и Центральнэ библиотекэм;

- **сом минитI хъу ещанэ саугъэтыр**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и ещанэ нагъыщIэ дипломыр щIыгъуу - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым хьихъ Тырныауэ къалэм и библиотекэ-къудамэ №3-м.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и фIыщIэр яIыгъэсын: Бахъсэн къалэм и Центральнэ библиотекэм, Май муниципальнэ районым щыщ Май къалэм и Центральнэ библиотекэм, Шэрэдж муниципальнэ районым Мечиевым и цIэр зезыхьэу щыIэ районым библиотекэм.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Мэлбахъуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ и Къэралпльэкъ библиотекэм и гъусэу къыдигъэкIын хуейщ конкурс лэжьыгъэ нэхъыйфIэщ щызэхуэсахэр тхьыпI.

4. А Iуэхугъуэм текIуэдэнур кьыхэзгъэкIын хэхакlуэхэм (референдумым хэтхэм) я правовой щэнхабзэр къэIэтыным икIи хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ я кьызэгъэпэщакIуэхэр егъэджэным хухах ахъшэм.

5. Мы Унафэр газетхэм кьытрегъэдзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI ТУПИКИН А.Н.
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ И.А.

Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм унафэ кьыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитныгъэ иIэу хэтыныжмкIэ къалэныр Усенкэ Анжелэ Владимир и пхъум щхьэщыхьным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2008 гъэм щIыщIыпIэм и 25-м

Налшык къалэ №21/1-12

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм я хэхыныгъэхэм хуитныгъэхэм, референдумым хэтыныжмкIэ я хуитныгъэм я щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 29-нэ статьям и 1-нэ пунктым и «к» пункт къэуэдзэн, и 6-нэ пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и 2-нэ пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Рес публикэм и Законым и 2-нэ статьям и «е» пунктым ялъэ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Уэнкэ Анжелэ Владимир и пхъум Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм унафэ кьыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитныгъэ иIэу хэтыныжмкIэ къалэнхэр Курданов Сулемен Сэлихь и къуэм щхьэщыхьным теухуауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ ТУПИКИН А.Н.
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ И.А.

Эльбрус щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм унафэ кьыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитныгъэ иIэу Жабоев Виссарион Музафар и къуэр хэгъэхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2008 гъэм щIыщIыпIэм и 25-м

Налшык къалэ №21/1-14

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм я хэхыныгъэхэм, референдумым хэтыныжмкIэ я хуитныгъэхэм, Iуэхущапlэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 20-нэ, 22-нэ, 26-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 7-нэ статьям, «Езыхэм я полномочиехэм, абыхэм хэтхэм я пIалъэр зэрикIам кьыхэкIыу кьыззэпэщын хуей щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я спискым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м кьищта Унафэ №109/10-1-1-м ялъэ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Унафэ кьыщащтэкIэ Iэ иIэтыну хуитныгъэ Эльбрус щIыналъэ комиссэм хэгъэхьэн Жабоев Виссарион Музафар и къуэр, 1977 гъэм кьалъхуар, Iэщагъэкlэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэр, Эльбрус муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и къудамэм и унафэщIр, «Урысейм и либерал демократие партI» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къигъэпэгъуар.

2. Мы Унафэр газетхэм кьытрегъэдзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ ТУПИКИН А.Н.
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ И.А.